

## Opsyon alontèm

### **Adopsyon Ki Soti Nan Fanmi Dakèy**

**Kisa li ye?:** Aprè yo fin verifye kazye jidisyè ak antesedan ou, fè evalyasyon kay ou, ak ba w fòmasyon, ou adopte timoun nan pa Tribinal pou Fanmi oswa Tribinal Sibtiti. Nan moman sa, pa gen sipèvizyon pa ajans lokal pou byennèt timoun nan oswa Tribinal pou Fanmi ankò.

**Patisipasyon Paran:** Dwa paran yo fini oswa yo renonse ak dwa yo. Ou asime tout dwa ak responsabilite ki gen rapò ak timoun nan. Nan kèk ka, paran an kapab pran kontak ak timoun lan aprè adopsyon an, avèk otorizasyon tribinal la.

**Èd Finansye:** Ou ka kalifye pou sibvansyon adopsyon ak lòt sipò.

**Opsyon pou Pi Devan:** Sa se yon aranjman legal ki pèmanan.

### **Pwogram Asistans pou fanmi kap pran swen timoun (KinGAP)**

**Kisa li ye?:** Ou asepte pou w sipòte timoun nan jiskake li granmoun. Opsyon sa vin disponib apre timoun nan viv avèk ou nan aranjman fanmi dakèy la pou omwen 6 mwa, epi yo eskli adopsyon oswa reyifikasyon.

**Patisipasyon Paran:** Paran yo ka kenbe dwa yo epi jwenn dwa vizite timoun nan. Yo ka fè yon demann nan tribinal pou rekipere pitit yo.

**Èd Finansye:** Pèman KinGAP ak lòt sipò ka disponib.

**Opsyon pou Pi Devan:** Avèk opsyon sa, yo



### Kesyon

Aprè ke w fin li diferan chwa ke w genyen, gen kèk kesyon enpòtan pou w konsidere avan ou pran desizyon ou.

1. Eske ou prepare pou ou pran timoun nan lakay ou kounyea?
2. Eske ou gen ase lajan ak espas pou ou pran swen timoun nan?
3. Pou konbyen tan w ap ka pran swen timoun nan?
4. Eske pran w ap pran swen timoun nan ap afekte relasyon w ak paran timoun nan?
5. Kilès nan opsyon pou pran swen fanmi pwòch sa yo ki pi bon pou ou ak timoun nan?
6. Èske ou kapab travay san pwoblèm ak depatman sèvis sosyal ansanm ak lòt ajans yo?
7. Konbyen lajan sipò ou bezwen?

### **Enfòmasyon pou Pran Kontak**

Travayè sosyal : \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn: \_\_\_\_\_

Sipèvizè: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_



## **Office of Children and Family Services**

Feyè sa a se yon entwodiksyon nan fason ou kapab sipòte yon fanmi ki nan yon move sityasyon. Diskite opsyon sa yo ak travayè sosyal la, fanmi ou ak nenpòt lòt moun ki ka ede w pran yon desizyon konsènan fason pou okipe yon timoun.

Si w gen kesyon sou fanmi pwòch kap pran swen timoun (kinship care), vizite [ocfs.ny.gov/kinship](http://ocfs.ny.gov/kinship)

Klike sou bouton "Helpful Resources" (Resous Itil) epi klike sou **Genyen yon Vwa ak yon Chwa: Manyèl Eta New York pou Fanmi kap Leve Timoun (Having a Voice and a Choice New York State Handbook for Relatives Raising Children.)** epi **konnen diferan chwa ou yo Fanmi kap Pran Swen Timoun (Know Your Options: Relatives Caring for Children)**

**OSWA**

Rele 1 (800) 345-5437  
Resous nou pral site la ap ba w plis enfòmasyon tou  
[www.nysnavigator.org](http://www.nysnavigator.org)

**OSWA**

RELE 1 (877) 454-6463  
Oswa voye yon imèl bay  
[navigator@nysnavigator.org](mailto:navigator@nysnavigator.org)

*"...n ap ankouraje sekirite, pèmanans, ak byennèt timoun, fanmi, ak kominote nou yo."*

Konfòmeman ak lalwa Ameriken sou andikap la (Americans with Disabilities Act), Biwo Sèvis Pou Timoun Ak Fanmi (Office of Children and Family Services) an ap rann materyèl sa'a disponib nan yon fòm apwopriye si yo resevwa yon demann pou sa..

Pub-5175-HC (12/2016)

## **Konnen Diferan chwa ke w genyen Fanmi pwòch k ap pran swen timoun**



Fanmi pwòch la ka yon manm fanmi tankou granparan, matant, tonton ak zanmi fanmi an tou.



**Office of Children and Family Services**

## Kisa ki Swen pa Fanmi pwòch (Kinship Care) la?

Kèk fwa yon timoun pa kab viv an sekirite ak paran li yo. Fanmi oswa zanmi paran yo ka bay timoun nan swen anplentan nan kay fanmi oswa zanmi an. Yo rele sa swen fanmi pwòch bay.

Sa ka fèt enfòmèlman pa fanmi an, oswa fòmèlman pa yon Tribinal pou Fanmi lè yon ajan lokal pou byennèt timoun nan ap patisipe nan dosye pou pwoteksyon timoun.

Genyen diferan kalite swen fanmi pwòch kapab bay, avèk nivo obligasyon epi èd finansyè varye.

Li enpòtan pou ou konprann byen diferan opsyon ke w genyen avan ou pran yon desizyon.

Avan tout bagay, ou dwe konsidere avèk anpil atansyon nesosite timoun nan lè wa pa deside sa ki pi bon pou ou ak fanmi ou.



*“Timoun yon fanmi leve ap toujou evolye byen.”*

*- Granparan ka p bay swen*



## Benefis Fanmi kap pran swen Timoun

Benefis fanmi kap pran swen yo byen etabli

### **Fanmi pwòch kap bay timoun swen ede:**

- redwi prejije ak twomatis separasyon de paran ak fanmi timoun lan;
- pèmèt yo rete ansanm ak, epi gen koneksyon avèk, frè ak sè ak paran yo;
- respekte tradisyon kiltirèl fanmi a;
- li ofri stabilite; ak
- redwi pwoblèm konpòtman, edikasyonèl, ak sante mantal

Fanmi pwòch kap bay timoun swen souvan deja konnen istwa ak bezwen timoun lan, sa ki ka ede diminye efè chòk ke yon timoun ke yo ap separe de paran li a ka sibi.

## **Swen Enfòmèl**

**Kisa li ye?:** Ou ap pran swen timoun nan tanporèman Ou pa gen dwa legal pou gade oswa responsab timoun nan.

**Patisipasyon Paran:** Timoun nan ka tounen al jwenn paran li nepòt kilè.

**Èd Finansye:** Ou ka kalifye pou yon kantite pwogram sèvis sosyal ak sipò.

**Opsyon pou Pi Devan:** Ou ka chèche dwa legal pou w gade oswa responsab timoun nan, nan tribinal Si apre sa w al chèche adopte yon timoun, ou pap kalifye pou èd sibvansyon.

## **Plasman Dirèk (Atik 10)**

**Kisa li ye?:** Apre ajans lokal pou byennèt timoun nan retire yon timoun lakay yo, Tribinal pou Fanmi an plase timoun legalman anba responsabilite w tanporèman. Ou ap pran swen timoun nan anba sipèvizyon ajans lokal pou byennèt timoun nan ak Tribinal pou Fanmi.

**Patisipasyon Paran:** Yo ka pèmèt paran yo vizite timoun nan, men yo pap ka rekipere li san yon desizyon tribinal.

**Èd Finansye:** Ou ka kalifye pou yon kantite pwogram sèvis sosyal ak sipò.

**Opsyon pou Pi Devan:** Si apre sa w al chèche adopte yon timoun, ou pap kalifye pou èd sibvansyon.

## **Dwa Legal pou gade oswa Responsab timoun (Atik 6)**

**Kisa li ye?:** Yon petisyon devan Tribinal pou Fanmi pou mande yo nonmen ou gadyen legal oswa Responsab Legal timoun lan.

Nan moman sa, pa gen sipèvizyon pa ajans lokal pou byennèt timoun nan oswa Tribinal pou Fanmi ankò.

**Patisipasyon Paran:** Yo ka pèmèt paran yo vizite timoun nan, men yo pap ka rekipere li san yon desizyon tribinal.

**Èd Finansye:** Ou ka kalifye pou yon kantite pwogram sèvis sosyal ak sipò.

**Opsyon pou Pi Devan:** Si apre sa w al chèche adopte yon timoun, ou pap kalifye pou èd sibvansyon.

## **Fanmi kap pran swen timoun nan Fanmi Dakèy**

**Kisa li ye?:** Aprè ke yo retire timoun nan lakay li, epi ajans lokal pou byennèt timoun nan pran responsabilite legal li, yap mete timoun nan nan yon aranjman fanmi dakèy lakay ou.

Ou dwe pran fòmasyon pou paran adoptif, yap tcheke kazyè jidisyè ak antesedan ou yo plizyè fwa, epi fòk yo apwouve ou. Opsyon sa aplikab si ou gen yon lyen biyolojik, marital oswa adoptif ak timoun nan.

**Patisipasyon Paran:** Yo ka pèmèt paran yo vizite timoun nan, men yo pap ka rekipere li san yon desizyon tribinal.

**Èd Finansye:** Ou kalifye pou pou yon alokasyon fanmi dakèy ak lòt sipò.

**Opsyon pou Pi Devan:** Si apre sa w al chèche adopte yon timoun, ou ka kalifye pou èd sibvansyon.

Si objektif ou pa adopsyon epi li pa posib pou timoun nan retounen jwenn paran li, yon lòt opsyon ka Pwogram Asistans pou Fanmi kap Gade Timoun (Kinship Guardianship Assistance Program, KinGAP)